



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

Penulis: Hervianna Artha
Ilustrator: Nur Laili Elisa



Papat Kupaat Kanggo Prabu

Empat Ketupat untuk Prabu





KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

Penulis: Hervianna Artha
Ilustrator: Nur Laili Elisa
Penerjemah: Hervianna Artha



Papat Kupat Kanggo Prabu

Empat Ketupat untuk Prabu



Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi Republik Indonesia.

Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh Pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU No. 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat surel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

Papat Kupat Kanggo Prabu

Empat Ketupat Untuk Prabu

Penulis : Hervianna Artha
Ilustrator : Nur Laili Elisa
Penerjemah : Hervianna Artha
Penyunting : Sri Sabakti
Penata Letak : Nur Laili Elisa

Penerbit

Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh

Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta

Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta

<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023

ISBN 978-623-112-494-4 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic, Arial.

ii, 32 hlm., 21 x 29,7 cm.

Kepala Balai Menyapa

Hai, pembaca yang budiman.

Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.

Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

Dwi Pratiwi





Janur ceblok maneh saka pucuking wit klapa.

Dipo seneng. Janur-janur sumebar ing lemah. Siji mbaka siji, janur-janur iku diklumpukake.

Janur jatuh lagi dari pucuk pohon kelapa.

Dipo senang. Janur-janur menyebar di halaman rumahnya. Semua jamur itu dikumpulkannya satu demi satu.



“Yen isih kurang, Mas Bowo jupukne maneh!” kakange Dipo nyeluk saka pucuking wit klapa.

“Wis cukup, Mas! Suwun!” wangsulane Dipo.

Dipo nggawa janur sing diklumpukake sambi singsot-singsot. Janur sak iket ora krasa abot kanggo dheweke.

“Kalau masih kurang, Mas Bowo ambilkan lagi!” seru kakak Dipo dari atas pohon kelapa.

“Sudah cukup, Mas! Terima kasih!” jawab Dipo.

Dipo kemudian mengumpulkan janur tersebut dan membawanya sambil bersiul-siul. Baginya janur seikat tidaklah terasa berat.

Dipo liwat omahe Giri. Giri iku tangga lan kanca sekolahe Dipo.

Bareng weruh sapi lanange Giri ing kandhang, Dipo aruh-aruh, “He, Prabu! Mengkore ana Gumbregan. Kowe bakal mangan akeh. Apa kowe seneng?”

“Mooo!” Prabu mbengah banter. Mesthi waed heweke seneng.

Dipo melintas di rumah Giri. Giri adalah tetangga sekaligus teman sekolah Dipo.

Ketika melihat sapi jantan Giri di kandang, Dipo menyapanya, “Hei, Prabu! Nanti malam ada Gumbregan. Kamu akan makan banyak. Apakah kamu senang?”

“Mooo!” lenguh Prabu nyaring.

Tentu saja dia senang.

Omahe Giri katon sepi.

“Giri mesthi ing bale desa,”
batine Dipo.

Dipo gage nerusake lakune
menyang bale desa arep
ngeterake janur.

Rumah Giri terlihat sepi.

“Giri pasti di balai desa,”
pikir Dipo.

Dipo melanjutkan
langkahnya ke balai desa,
untuk mengantarkan janur.





Ning bale desa, wiwit saka esuk wis kebak wong sing padha ngumpul. Kabeh padha bebarengan nggawe kupat saka janur.

Kajaba iku, uga ana sing masak jadah lan jenang katul. Kabeh uba-rampe dicawisake kanggo mengeti Gumbregan.

Sejak pagi sudah banyak orang berkumpul di balai desa. Mereka bersama-sama membuat kulit ketupat dari janur.

Selain itu, ada juga yang memasak jadah dan jenang katul. Semua dipersiapkan untuk menyambut acara Gumbregan.

Dipo menehake janur marang ibune. Sakwise iku, Dipo nggoleki Giri ing plataran sandhing bale desa.

Ning kana ora ana Giri. Sing ana mung ibu-ibu lagi nggawe jadah.

Ambune ketan sing dimasak karo santen ndadekake Dipo kumecer. Dheweke mbayangake jadah ketan sing disuguhake karo parutan klapa. Rasane enak.

Dipo menyerahkan janur yang dibawa kepada ibunya. Setelah itu, Dipo mencari-cari Giri di samping balai desa.

Tidak ada Giri di sana. Hanya ada ibu-ibu yang sedang membuat jadah.

Aroma ketan yang dimasak dengan santan menjadikan air liur Dipo menetes. Dibayangkannya jadah yang dihidangkan dengan parutan kelapa. Rasanya lezat.

Dipo menyang mburi plataran bale desa. Giri ora ana ing kana. Anane mung ibu-ibu sing nggawe jenang.

“Bu, kula badhe ngrencangi ngudhak jenang, nggih?” jare Dipo marang ibu sing lagi nggawe jenang.

Dipo menuju halaman belakang balai desa. Giri juga tidak ada di sana. Di sana hanya ada ibu-ibu yang sedang membuat jenang.

“Bu, saya bantu mengaduk jenang, ya?” pinta Dipo kepada seorang ibu yang sedang membuat jenang.





Ujug-ujug, Dipo weruh Giri lungguh cedhake ibu-ibu sing lagi nggawe kupat. Dipo gage marani dheweke.

“Giri, aku nggoleki kowe wiwit mau,” jare Dipo.

“Ngapa nggoleki aku?” takone Giri lungkrah.

“Dina iki Gumbregan. Prabu mesthi wis ngenteni diadusi. Ayo, menyang kali! Tak rewangi ngedusi Prabu!”

Tiba-tiba, Dipo melihat Giri duduk di dekat ibu-ibu yang sedang membuat ketupat. Dipo segera mendatangnya.

“Giri, aku mencarimu sejak tadi,” kata Dipo.

“Kenapa mencariku?” tanya Giri lesu.

“Hari ini Gumbregan. Prabu pasti sudah menunggu untuk dimandikan. Ayo, ke sungai! Kubantu memandikan Prabu!”

“Prabu ora melu Gumbregan, Po. Mengko sore Prabu bakal dijupuk karowongliya. Akunelangsa merga ora bisa ketemu karo Prabu maneh.”

Dipo meneng wae. Dheweke kelingan kandhane Giri sawetara dina kepungkur. “Bapakku wis ora duwe sawah maneh. Dadi, bapakku arep ngedol Prabu,” jare Giri.

“Prabu tidak ikut Gumbregan, Po. Sore nanti Prabu akan diambil orang. Aku sedih karena aku tidak bisa bertemu Prabu lagi.”

Dipo diam. Dia teringat cerita Giri beberapa hari lalu. “Bapakku sudah tidak punya sawah. Jadi, bapakku berniat menjual Prabu,” kata Giri.



Dipo banjur lungguh ing sandhinge Giri. Dheweke nyawang drijine Giri sing prigel nganyam janur kanggo kupat. Dheweke gumun. Kancane bisa nganyam janur kanthi cepet lan rapi.

Dipo njupuk janur banjur digulung ngubengi drijine. Dheweke niru obahe drijine Dipo nalika nganyam janur.

Dipo lalu duduk di sebelah Giri. Diperhatikannya jari-jemari Giri yang cekatan menganyam kulit ketupat. Dia kagum. Temannya bisa membuat kulit ketupat dengan cepat dan rapi.

Dipo mengambil janur dan melilitkannya di jari-jemarinya. Ditirukannya gerak jari-jemari Dipo yang menganyam janur.

Sakwise bola-bali nyoba,
Dipo pasrah. Janur sing
arep diwangun kupat malah
dadi ruwet.

“Kowe nggawe kupat
wangune beda-beda,” jare
Dipo.

“Ya, aku bisa nggawe
patang wangun kupat.”


“Ampuh tenan!” aleme
Dipo. “Siji wae aku ora bisa
nggawe, Ri.”

Setelah berkali-kali
mencoba, Dipo menyerah.
Janur miliknya rusak.

“Kamu membuat
bermacam-macam bentuk
kulit ketupat,” kata Dipo.

“Ya, aku bisa membuat
empat bentuk kulit
ketupat.”

“Hebat sekali!” puji Dipo.
“Satu pun aku tidak bisa
membuatnya, Ri.”



“Aku paling seneng kupat sing iki,” Dipo njupuk kupat sing gedhe.

“Iku jenenge kupat bucu lima. Delengen, ana limang sudhut. Nanging, yen disawang saklebatan kaya segi telu.”

“Lha, yen sing cilik iki jenenge apa?” Dipo nuding sawijine kupat.

“Kupat cepuk kuwi. Kaya wujud bujur sangkar, ya?”

“Aku paling suka ketupat yang ini,” Dipo mengambil kulit ketupat yang besar.

“Itu namanya ketupat bucu lima. Perhatikan, jumlah sudutnya ada lima. Namun, saat dilihat sekilas, bentuknya seperti segitiga.”

“Nah, kalau ketupat yang kecil ini namanya apa?” tunjuk Dipo.

“Namanya ketupat cepuk. Seperti bentuk bujur sangkar, kan?”



“Lha, yen sing iki aku ngerti. Iki jenenge kupat bantal, ta?” Dipo mesthekake.

Giri manthuk. “Bener. Kupat bantal. Jeneng liyane kupat luwar. Wujude pesagi.”

“Nah, kalau yang ini aku tahu. Ini namanya ketupat bantal, kan?” Dipo memastikan.

Giri mengangguk. “Betul. Ketupat bantal. Nama lainnya adalah ketupat *luwar*. Bentuknya persegi panjang.”

Banjur, Dipo njupuk kupat siji maneh. “Iki wujud kupat sing paling kerep tak deleng, Ri!”

“Wujude kaya apa? Ayo, bedheken!”

“Kaya layangan?”

“Bener! Ing sekolahan, awake dhewe wis sinau babagan wujud bangun datar layang-layang.”

Kemudian, Dipo mengambil satu ketupat lagi. “Ini bentuk ketupat yang paling sering kulihat, Ri!”

“Seperti apa bentuknya? Ayo, tebak!”

“Seperti layang-layang?”

“Betul! Di sekolah, kita sudah belajar tentang bentuk bangun datar layang-layang.”

Dipo mrenget. “Iya, nanging ... ulanganku bijine elek, Ri. Aku lali kabeh rumus kanggo luas lan keliling bangun datar.”

“Bayangake bangun datar iku kaya barang-barang ing cerakmu. Mesthi luwih gampang olehe sinau,” usule Giri.

Dipo mrenget. Ujug-ujug, dheweke ngguyu dhewe.

Dipo cemberut. “Iya, tapi... nilai ulanganku jelek, Ri. Aku lupa semua rumus luas dan keliling bangun datar.”

“Bayangkan bangun datar itu seperti benda-benda di sekitarmu. Pasti akan lebih mudah mempelajarinya,” saran Giri.

Dipo mengernyitkan dahi. Tiba-tiba, dia tertawa sendiri.

“Aku ngreti! Aku ngreti! Aku bakal mbayangake kupat!”

“Ngapa kupat?”

“Merga kabeh wujud bidang datar iku kaya kupat! Kupat segi telu, kupat bujur sangkar, kupat pesagi, lan kupat wangun layangan.”

Giri ngguyu ngrungokake kancane. “Hahaha ... Ana-ana wae kowe, Po!”

“Aku mengerti! Aku mengerti! Aku akan membayangkan ketupat!”

“Kenapa ketupat?”

“Karena semua bentuk bidang datar itu seperti ketupat! Ketupat segitiga, ketupat bujur sangkar, ketupat persegi panjang, dan ketupat layang-layang.”

Giri tertawa mendengar ucapan temannya. “Hahaha ... Ada-ada saja kamu, Po!”

Dipo ngolet. Awake pegel kesuwen lungguh amarga ngenteni Giri nganyam janur. “Ayo, ngedusi Prabu! Jam loro awan iki, Prabu kudu wis resik.”

Giri nekuk lambene. “Ora!”

“Ajamrengut. Kowe isih bisa nemoni Prabu,” pambisike Dipo. “Merga”

Dipo meregangkan badan. Badannya pegal karena terlalu lama duduk menunggu Giri menganyam janur.

“Ayo, kita mandikan Prabu! Jam dua siang ini, Prabu harus sudah bersih.”

Giri melipat bibir. “Tidak!”

“Jangan cemberut. Kamu masih bisa menemui Prabu,” bisik Dipo. “Karena”

“Merga apa?” Giri kepingin ngerti.

“Merga bapakmu ngedol Prabu marang bapakku. Dadi, saben dina kowe bisa nemoni Prabu ing omahku,” wangsulane Dipo karo mesem. Dheweke seneng kancane kaget.

“Karena apa?” Giri penasaran.

“Karena bapakmu menjual Prabu kepada bapakku. Jadi, setiap hari kamu bisa menemui Prabu di rumahku,” jelas Dipo sambil tersenyum. Dia senang mengetahui temannya terkejut.

Giri langsung ngrangkul kancane.

Dipo bengok-bengok njaluk diculake merga ora betah karo ambu kringete Giri. “Kowe kudu adus, Ri!” jare Dipo.

Giri ora peduli. Dheweke ngrangkul Dipo luwih rosa.

Giri langsung memeluk temannya.

Dipo berteriak-teriak minta dilepaskan karena tidak tahan bau keringat Giri.

“Kamu harus mandi, Ri!” seru Dipo.

Giri tidak peduli. Dipeluknya Dipo lebih erat.





Sorene, slametan Gumbregan ing Desa Pulutan, Gunungkidul, Yogyakarta, kaleksanakake kanthi khidmat. Tradhisi iki wis ditindakake kanthi turun-temurun.

Gumbregan dianakake minangka wujud rasa syukur marang Gusti Pengeran. Warga ngarep-arep ingon-ingon tetep sehat. Kanthi mengkono, asil tetanen bakal luwih akeh.

Sore harinya, upacara Gumbregan di Desa Pulutan, Gunungkidul, Yogyakarta digelar khidmat. Tradisi ini telah dilakukan secara turun-temurun.

Gumbregan diadakan sebagai bentuk rasa syukur kepada Tuhan Yang Maha Esa. Warga berharaphewan ternak tetap sehat. Dengan begitu, hasil pertanian akan lebih melimpah.



Nalika Gumbregan, kasediyakake asil tetanen kang diolah dadi macem-macem panganan, kaya dene kupert, jadah, jenang katul, lan lepet.

Maneka warna panganan iki diwenehake marang kewan ingon-ingon, jinis raja kaya, contone sapi lan kebo. Dadi, kewan uga bisa ngrasakake asile tetanen.

Beragam hasil panen diolah menjadi sajian untuk upacara Gumbregan. Sajiannya seperti aneka jenis ketupat, jadah, jenang bekatul, dan lepet.

Berbagai makanan ini diberikan kepada hewan ternak, seperti sapi dan kerbau. Jadi, hewan juga bisa menikmati hasil panen.

UPACARA ADAT TRADISI
GUMBREGAN



Sakwise iku, warga padha seneng mangan bebarengan.

Panganan uga bisa digawa mulih kanggo kulawarga ing omah.

Setelah itu, warga menikmati sajian bersama-sama.

Sajian juga bisa dibawa pulang untuk keluarga di rumah.



Banjur, apa sing ditampa Prabu? Dipo ngalungake kupat papat kanthi maneka wujud ing gulune Prabu.

“Tansah waras, ya, Prabu,” ucape Dipo.

Prabu manthuk-manthuk sajak ngerti. Dheweke banjur mangan kupat sing ditawakake Giri. Lha, kuwi hadhiyah istimewa kanggo Prabu.

RAMPUNG

Lalu, apa yang diterima Prabu? Dipo mengalungkan empat ketupat berbagai bentuk ke leher Prabu.

“Sehat terus, Prabu,” kata Dipo.

Prabu mengangguk seolah mengerti ucapan Dipo. Kemudian, dilahapnya semua ketupat yang diulurkan oleh Giri. Itulah hadiah istimewa untuk Prabu.

SELESAI

Biodata

Penulis



Hervianna Artha, penulis yang kini berdomisili di Depok, Jawa Barat, menggemari berbagai kisah kehidupan yang mampir dalam jangkauan indranya. Berbagai kisah itu dikemasnya dalam bentuk cergam, cerpen, dan novel. Dunia kanak-kanaklah yang pertama kali menggodanya untuk merangkai kata menjadi cerita. Bagai roda yang terus berputar, cerita belum berhenti tercipta olehnya. Jika ingin bersapa, silakan kunjungi IG @akashira_artwork atau hervianna75@gmail.com.

Ilustrator



Elisa, merupakan ibu dari dua gadis kecil menyukai dunia menggambar dan lukis sejak kecil yang dimulai dengan media tradisional terutama cat air dan cat minyak secara otodidak. Ia juga merupakan seorang lulusan teknik komputer dan ASN Kementerian Kominfo sejak 2011 hingga saat ini. Beberapa karya Elisa bisa dilihat melalui laman instagram @elis_coretcoret. Ia juga bisa disapa melalui posel nurlailielisa@gmail.com

Penyunting



Sri Sabakti dilahirkan di Sragen, Jawa Tengah. Sejak 1998 hingga pertengahan tahun 2020, ia menjadi PNS di Balai Bahasa Provinsi Riau. Pada bulan Juli 2020, ia kemudian pindah ke Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta hingga saat ini. Keterlibatan dalam dunia sastra, di antaranya ia telah menulis buku bacaan untuk anak dengan judul *Kisah Burung Udang dan Ikan Toman* (2017) dan *21 Cerita Rakyat Bumi Lancang Kuning* (2010). Selain itu, ia juga membuat karya tulis yang dimuat di beberapa jurnal dan surat kabar.

Dalam dunia penyuntingan, Sri Sabakti beberapa kali dilibatkan dalam tim penyuntingan di Balai Bahasa DIY. Ia dilibatkan untuk menyunting karya sastra hasil sayembara yang dilaksanakan oleh Balai Bahasa DIY, khususnya cerita anak, baik yang berbahasa Jawa maupun berbahasa Indonesia (2021–2023).



MILIK NEGARA

TIDAK DIPERDAGANGKAN

Dipo membawa banyak janur ke balai desa. Ketika sampai di balai desa, Dipo melihat temannya yang bernama Giri sedang membuat ketupat. Namun, Giri terlihat sangat murung. Mengapa Giri murung? Lalu, untuk apa warga desa membuat banyak ketupat? Yuk, simak kisahnya dalam kisah “Papat Kupat kanggo Prabu”.

ISBN 978-623-112-494-4 (PDF)



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA

2023